ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№241 (21.649) ● 2009 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 22, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Къэрал къулыкъухэм я реестрым зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэ

Республикэм законхэр кIыдзэгъэкI и орган нэхъыщхьэм и Президиумым и зи гъэцIэр КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар иригъэкIуэкIащ.

ПАРЛАМЕНТАРХЭР Iуэхугъуэ тIощI хуэдизым хэпIыащ. Ящэ дыдэу депутатхэр тепсэлыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал къулыкъухэм я реестрымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал граждан Iэнатlэм и къулыкъухэм я реестрымрэ я Iуэхуэкlэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным. Законодательствэмрэ къэрал хуэхIэмкIэ комитетым хэт **Кебеков Владимир** зэрыжIаIамкIэ, мы законопроектым еубзыху зэзыгъэкIуж судыщIэм и аппаратым Iэщlагъэлlым (суд участкэм и секретарым) и кулыкIуэ зэхъуэкIныр. Абы Iэмал кIытынуд зэзыгъэкIуж судыщIэм техническэ Iуэхуэгъэ щхьэщыхьнымкIэ. Мы законопроектыр зыхуэфащэ ведомствэ псори гупсысэн зэрыжыхьр хуагъэхьыну Президиумым хэтэкIэм унафэ къащтащ. Абы иужькIэ документым щытепсэлъыхьынущ Парламентым и зэIущIэм.

Законодательствэмрэ къэрал ухуэкIэмкIэ комитетым апхуэдэу депутатхэм я пащхьэ кIрилъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъым и Iуэхуэ кIэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и кIалащхьэм и статусым и Iуэхуэ кIэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм граждан IуэхуэхэмкIэ актхэр зыгъэ и органхэм я Iуэхуэкlэ» законхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэзыгъэхьэ документхэр. Абыхэм япкъ иткIэ, республикэ законодательствэр федеральнэ мардэхэм ирагъэзэгъыж.

Президиумым хэтхэм КъБР-м и Парламентым бжьыхьэ сессием кIриубдэу иджыкъыну Iуэху нэхъыщхьэхэм я планым зэхъуэкIыныгъэхэр хальхьащ, апхуэдэу гъатхэ сессием кIриубыдэу зэфIагъэкIынухэм я планым хэпльащ. Ахэр зэрагъэуIужынрэ республикэм и Парламентым и зэIущIэм къыщыхальхьэнущ.

БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ комитетым и жэрдэмкIэ Президиумым и зэIущIэм щыхэпльащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэзыщытэкъэзыбж и палатэм и Iуэхуэкlэ» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным. Мы законопроектыр зыгъэгъэхьэн зэрыщытыр КъБР-м и Парламентым и Щlыхь тхылъыр етыным теухуауэ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэ.

Хэкур яхъумэ

● Юбилей

Шынагъуэншагъэм и лэжьакIуэхэм я махуэмрэ Бэракъ Пльыжь орденыр зезыхьэ Налщык гъунапкъхъумэ гупыр кIыхьзэрагъэпэщIэ ильэс 85-рэ зэрырикъумрэ ехьэлIа гуфIэгъуэ зэIущIэ мэрем кIуам екIуэкIащ.

АБы ИРИХЬЭЛIАЩ КъБР-м и Парламентым и Унафэщl **Чеченов Ануар** КъБР-м Экономикэмкlэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарь **Кумыщ Мухьэрбий**, хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ щIалэргъуэлэм я Iуэхуэмкlэ министрым и къуэдзэ **Гергоков Джамбулат**, Iуащхьэмахуэ, Шэджэм, Шэрэдж куейхэм я Iэтащхьэхэр, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр кIыхьзыхьэ, Налшык дэт Гъунапкъэхьумэ Iуэхущlапlэм и унафэщI, генерал-майор **Агеенкэ Иван**, республикэ унафэщIхэмрэ щIыхубэмрэ фIыщIэ яхуищIащ я лэжьыгъэ мытыншым, къэралым и гъунапкъэр хьумэным ехьэлIам, щIэгъэкъуэн къаэрыщыхуэхьум щхьэкIэ. Адэ, ахъшэ къекIуэлIахэр еплъащ УФ-м и ФСБ-м и директор, армэм и генерал Бортников Александр, УФ-м и ФСБ-м Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм щIэ гъунапкъэхьумэ управленэм и унафэщI, генерал-полковник Лисинский Николай, Iуэхущlапlэм и ветеранхэм я видеохьэхьэхьум.

Махуэшхуэм ирихьэлIэу щIыхь тхылъхэр, саугъэт льапIэхэр кIыхьжаныкIа гъунапкъэхьумэхэм ираташ. Щытхъу пыльу я кIулыкIуэ зэрырахьэкIым папщIэ медалхэмрэ зи чэзу дамыгъэхэмрэ лэжьакIуэ нэхъыфIхэм хуагъэфащащ.

Юбилейм ехьэлIа махуэшхуэм къекIуэлIахэм я нэгу зрагъэжьащ Кавказ Ищхьэрэм Гъуазджэхэмкlэ и институтым и студентхэм, Прохладнэ районым и «Любава» ансамблым, Iуэхущlапlэм и оркестрым.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Шэджэм куей

ИльэсыщIэ тыгъэ

Мы махуэхэм яухащ Шэджэмышлъ тралъхьа лъэмыжыр уху эныр.

СТАВРОПОЛЬ къикIа ухуакIуэхэр ильэсым щIигъукIэ зэлэжьа лъэмыжыщIэр европей щапхъэ нэхъыфIхэм итщ. Уеблэмэ мыбы зэреджэр инженерхэм къагупсыса телъыджэущ.

Лъэмыжыщlэр сыт и лъэныкъуэкIи тещIы-хьащ ди республикэм и гъуэгуэхэм щызекIуэ трайнпортхэм кIуэ пэтми къаздрихьуэм. Ауэ щыхъуэкIэ, Шэджэмрэ Бахъсэнрэ зэпызыщIэ мы гуэрыгуэ Iыхьэр нэхъ гугъуэхэм ящыщу къаслъытэ. Шэч хэлъкъым ильэсыщIэм ирихьэлIэу къызэIуахыну лъэмыжым щIыхуэхэр зэрыщыгуфIыкIынум.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Адыгэхэм я зэфIэкI

АДЫГЕИ. ***Президентым и пресс-Iуэхущlапlэм къызэритамкIэ, Адыгэ щэнхабзэм и фестиваль иджы ящэу Краснодар краим щокIуэнт.***

КРАСНОДАР къалэм щIэнхабзэмкIэ и унэм щызэхэсащ Краснодар, Крымскэ, Темрыкъуэ къалэхэм, Успенскэ районым, Адыгэ Республикэм я лIыкIуэхэр. Апхуэдэуи абы щекIуэкIынущ дин Iуэхуэхэм, лъэпкъ зэхущытыкIэм теухуа щIалэгъуалэ зэхуэс.

Сенатор Дохъушокъуэ Зураб

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***УФ-м Федерацэмкlэ и Совет ветыр иджыблагъэ щыхьэт техIуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и парламентым къыбгъэдэкIыу Дохъушокъуэ Зураб сенатору зэрыхьахам***

2009 ГЪЭМ Къэрэшей-Шэрджэсым и парламентым УФ-м Федерацэмкlэ и Советым республикэм и лIыкIуэ IэIэтkIэ Дохъушокъуэ Зураб хихащ. ЩIыпIэ парламентым и спикеру щытар сенатору хахыныкIэ арэзыу депутат 56-м Iэ яIэтащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙОлег.

● Iуэхутхьэбзэхэр

Жэщ-махуэ яIэкъым

ИльэсыщIэр щагъэлъэпIэну махуэхэм жэуапIыныгъэшхуэ зыпылъ Iуэхугъуэ куэд я пщэ къыдохуэ МУП «Водоканал» Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэ псоми.

ИЛЬЭСЫЩIЭР къыщихьэм цIыхухэм я гукъыдэжыр кIыхьэпыдэ мыхъун папщIэ зыхуеину псори къызэрагъэпэщащ. Иджыпсту щыщIэдзауэ бригадэ щхьэхуэхэм жэщ-махуэ ямыIэу я къалэныр щрахьэкI къалэ кIуэцIми абы и гъунэгъу къуажэхэми. Иджыпсту нэхъ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI Налшык и 1-нэ Промпроездым, Краснодармейскэ, Адыгей, Профсоюзнэ, Винницкэ,Ингуш уэрамхэм. Созаевым и цIэр зэрихьэу Хьэсэней щыIэ уэрамым тесхэм я лъэIыкIэ бжьамийуэ метрри 140-рэ щIэкIэ зэрахъуэкIащ икIи псыкIэ гугъу ехьа унагъуэхэм яIуэтэжащ. Псом нэхърэ нэхъ лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIар Лермонтовымрэ Орджоникидзерэ я цIэхэр зезыхьэ уэрамхэм а зэхэкIыпIэрэ. Абдеж щIэлъ бжьамийхэм сэкъат ягъуэтат.

зэхъуэкIын зэрыхуейри нэрылъагъуу, ауэ вольтышхуэ зыхэт электроклапсэр зыIыгъ пкъор зэрыпэгъунэгъым щынагъуэ щхьэхуэхэр къишэрт. Мыбдежым МУП «Водоканал»-р зыхуеину техникхэмрэ кранымкIэ къыдэIэпыкъуащ Налшык и «Электросеть» Iуэхущlапlэр. Ныкъусыныгъэхэр махуэ ныкъуэм къриубыдэу ягъэзэжкIуэжащ икIи а щIыпIэм къетгъэщIылIа уэрамхэм псыр хуауэтIыпщыжащ. «Водоканал»-м и лэжьакIуэхэр налшыкдэсхэм дыныбэхъуэху фIыуэзышIэу ильэсыщIэр кIыигъэхьэну, дэрэжагъуэ фIиэуи гъэ псор ефхьэкIыну.

БЕКЪАЛДЫ Анатолэ,
Налшык и МУП «Водоканал»-м и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэ.

Унэнум я хьэ удз ехъури, унэхъунум я нысэ мэдыгъуэ.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2010 гъэм и ящэ ильэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Ильэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущlапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

● ТхьилъащIэ

Тхыдэтхым пэжыр къызэрилъыхъуэ гупсысэхэр

Араш зэреджэр щIэныгъэлI-кавказыдж цIэрыIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и доцент Кьалмыкъ Жылэбий и тхылъыщIэм.

«ЭЛЬ-ФА» тедзапIэм къыщыдэкIа тхылъыр Iыхьитхуу зэхэтщ икIи Кавказ Ищхьэрэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я жылагъуэ-политикэ Iуэхугъуэ куэд къызэщIеубыдэ. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм къэхуахэмрэ иджы щытыкIэм зэрызыужьымрэ Кьалмыкъ Жылэбий кьеплъытэ икIи жылагъуэм, властым и Iэнатlэхэм, тхыдэтххэм Iэмал имыIэу гу зылъатапхьэхэр утыку кьрелхьэ. Ахэр зэрыщхьэпэм шэч хэлъкъым.

«Тхыдэтхым пэжыр къызэрилъыхъуэр экземпляр щитху мэхъу икIи мыгувэу а лэжьыгъэ хьэлэмэтыр тхылъ щапIэхэм къыщIалъхьэнущ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Хабзэ зэрыхъуам тету

● Лэскэн куей

Сабийхэм я илъэсыщIэ махуэшхуэхэр къызэзыгъэпэщ комитет Лэскэн районым къащызэрагъэпэщащ. Абы и пащэщ куей администрацэм и Iэтащхьэ Мэкъуауэ Арсен.

ДЫГЪЭГъАЗЭМ и 23, 24, 25 махуэхэм Лэскэн куейм Щэнхабзэмкlэ и унэм щекIуэкIынущ унагъуэ хуэмыщIахэм, бынунагъуэшхуэхэм къахэкIа ныбжьыщIэ 600 зрагъэблагъэну илъэсыщIэ гуфIэгъуэ зэхъыбэхэр. Дыгъэгъазэм и 30-м сабий ныкъуэдыкъуи 100 ягъэгуфIэнущ, абы къиримыхьэлIэфынухэм я деж кIуэнущ Уае Дадэмрэ Уэс Тащэмрэ.

Къэрал гулъытэм хуэныкъуэ псом щхьэхIи жэуап зыхьыр дэращ, - жиIащ Мэкъуауэм. - Ди псалъэ гуапэхэр, ди дэIэпыкъуныгъэр сытым дежи ялъыдгъэсын хуейщ абыхэм.

Сабийхэм папщIэ апхуэдэ махуэшхуэхэр егъэкIуэкIыныр куэд щIауэ хабзэу кIуэкIуэкI районым. Апхуэдэу жэпуэгъуэм и 16-м «Зыуэ щыт Урысей» политикэ партым и щIыналъэ къудамэм псапащIэ Iуэху иригъэкIуэкIащ щытыкIэ гугъу ихуа унагъуэхэм къахэкIахэм папщIэ. Абы щыгъуэм а Iуэхуэм къыхьыхьащ куейм ис хьэрычэтыщIэхэр, жылэдэсхэр. Зэхуахьэса ахъшэмкIэ зи гугъу тщIы ныбжьыщIэхэм IэфIыкIэ, зэрыджэгун хьэпшыпэ, еджапIэм къащагъэсэбэпыну Iэмэпсымэхэр къыхуащхьэхуэу щытащ. Дыгъэгъазэм и 3-м сабий ныкъуэдыкъуэхэм шхын зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ яхуэпсащ.

ГУIЭТЫЖ Залинэ.

Мамырыгъэмрэ зэгурыIуэмрэ нэхъыщхьэ щыIэу пIэрэ?

● Прохладнэ куей

«ЩIалэгъуалэр щIобэн дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу льэпкъхэм яку мамырыгъэрэ зэгурыIуэрэ дэлъыныI» - апхуэдэ къыхуеджэныгъэм щIэту ныбжьыщIэхэм я зэхьэзэ щекIуэкIащ Прохладнэ къалэм Щэнхабзэмкlэ и уардэ унэм. Абы хэтащ куейм и щIалэгъуалэр. Абы и мурадыр ди льахэм зэкъуэтыныгъэр, мамырыгъэр, зэгурыIуэныгъэр щыхъумэныр.

- НЫБЖЬЫщIэХЭ! Къэбэрдей-Балъкъэрыр цIэрыIуэ езым и дахагъэмкIэ, зэпIэзэрыту, льэпкъхэр зэрыгъэныбжьыгъуу зэрыщытымкIэ. Ауэ иужь зэманым кьежьащ льэпкъхэр зэпэщIэзыгъэувану, жылагъуэ-политикэ щытыкIэр зэIызыгъэхэну хущIэкъу къарухэр. Абы къыхэкIыу дэ нобэ дытепсэлъыхьын хуейщ апхуэдэ мурад бзаджэхэм даэзрыпэщIэтыну щIыкIэм» - а псалъэхэмкIэ зэIущIэр къызэIуихащ куей администрацэм щIалэгъуалэмрэ спортымрэ ехьэлIа Iуэхуэхэмкlэ и кьудамэм и унафэщI Куценкэ Анатолий.

Льэпкъхэр зэгурыIуэу, зэкъуэту, зыр зым дэIэпыкъуу зэдэпсэун, ахэр ди льахэм и щIыхуэхэм я псэуIэр егъэфIэкIуэным зэгъусэу хуэлэжьэн зэрыхуейр зэIущIэм щыжаIащ Гапкаев Андрей (Пролетарскэ къуажэ), Рахаевэ Эльвирэ (Заречное), Iут Хьэсэн (Альтуд), Гетман Викторие (Солдатскэ), Шамилов Хьалит (Ульяновское), Никитская Анастасие (Прохладнэ къалэ), нэгъуэщIхэми.

Абыхэм кьалэта Iуэхуэр льабжьэ хуэхьуащ Прохладнэ къалэмрэ къеиммрэ я щIалэгъуалэм ехьэлIа псоми зэрызыхуагъэзэн. «Дэ, щIалэгъуалэ зэхуэсым хэтахэм, республикэм и жылагъуэр кьыхудджэ льэпкъхэр зэщыгъэIеиныр республикэм кьыщымыгъэхьун мурадкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Кьанокъуэ Арсен дыкъуэувану, «Урысей Федерацэм щIыпIэ самоуправленэр кьыщызэгъэпэщынымкIэ псоми я зэхуэдэ хабзэхэм я Iуэхуэкlэ» Федеральнэ закон №131-ФЗ-р пхыгъэкIыным ехьэлIауэ щIыз эдауэ Iуэху псори КъБР-м и Президентым, Правительствэм, Парламентым зэрыубзыхум хуэдэу икIи КъБР-м и Парламентым кьыз эригъэпэща Зэгурыгъэ гъаIуэ комиссэм и лэжьыгъэм тету зэфIагъэкIыну. Дэ щIалэгъуалэр кьыхудджэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу льэпкъхэм яку мамырыгъэрэ зэгурыIуэрэ дэлъын хуейщ республикэпсо зэхьхьэ ирагъэкIуэкIыну.

ЗэIущIэр иуха нужь, концертышхуэ ятащ.

ВДОВЕНКЭ Иван.

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2010 гъэм и ящэ ильэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Ильэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпIейкIи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытебдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущlапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

Къуэкlыщlэ Гъунэгъу-2020

Урысейм къызэригъэпэща, «КъуэкIыпIэ Гъунэгъу-2020: зэгурыIуэныгъэ щыIэну?» зыфIэща дуней-ипсо конференцыр вэсэмахуэ щщыхьэщхьэм къыз IуахащI.

Ар щокIуэкI Иорданым и Ас-Сыуелихь къалэ щIыкIуэм.

Адунейпсо зэIущIэм щыхэпльэнущ Iуэхугъуэ куэдым, хьэрыф-журт къаугъэри хиубыдэу. КъыщIэтыныущ КъуэкIыпIэ Гъунэгъуэм и политикэм а щIыпIэм щымыпсэуэхэр зэрыуэ-Iэбэм кьишэр зыхуэдэм, энергетикэ щынагъуэншагъэм, ядернэ Iэщрэ зэмыгъэубгъуэным пыщIа Iуэхуэхэм. Конференцым хэтыну ирагъэблагъащ политикхэр, эксперт нэхъыфIхэр, щIэныгъэлIхэр, журналистхэр. Ахэр кьикIащ Палестинэм, Израилым, Мысырым, Ливаным, Иорданым, Ираным, Сириим, Саудей Хьэрыпым, Бахърейным, Тыркуэм, Урысейм, Индокьлэзым, США-м, Франджым.

Бийуэ къыщохьу

Кубэм и Къэрал Совет-тымрэ министрхэм я Совет-тымрэ я унафэщI Кастрэ Рауль зэрыжIаIамкIэ, я щIыналъэм щадубыдащ США-м и щIыхь, спутникIэ къызэгъэпэща связь Вашингтон и унафэкIэ опознэщ гупхэм ярищу ягъэкъуапщэри.

США-м и хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэм къызэратамкIэ, дыгъэгъазэм и 5-м Кубэм щаубыдат «Development Alternatives» компаниеи и лэжьакIуэ, компьютер щIыкIуэмрэ жыл телефонхэмрэ пуду зэрищэм къыхэкIыу.

- Бийр, сыт щыгъуи хуэгъэхэр махуэ ныкъуэм кьриубыдэу ягъэзэжкIуэжащ, икIи а щIыпIэм кьетгъэщIылIа уэрамхэм псыр хуауэтIыпщыжащ. «Водоканал»-м и лэжьакIуэхэр налшыкдэсхэм дыныбэхъуэху фIыуэзышIэу ильэсыщIэр кьиигъэхьэну, дэрэжагъуэ фIиэуи гъэ псор ефхьэкIыну.

БЕКЪАЛДЫ Анатолэ,
Налшык и МУП «Водоканал»-м и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэ.

Iуэхущlапlэм зыгъэхьэзырыр
ГЪУЩIО Зарифи.

+ +

Тэмэму зэхэгъэкІыпхъэщ

●Зэманым къегъэув

КъБР-м и Парламентым и Унэм щекІуэкІа «Муниципальнэ щыналъэхэм я лЫкІуэ органхэм я лэжьыгъэм и лъабжьэхэр» семинарым кърихьэлІащ республикэм и кІалэ округхэм, муниципалитет районхэм, къуажэ жылагъуэхэм я администрацэхэм я Іэтащхьэхэр.

СЕМИНАРЫРкъщыгъэІуэныхъ Парламентым и Унафэщі **Чеченов Ануар** зэрыжиІамкІэ, мы зэхьихьэр кІыхьэрагъэпэщащ КъБР-м и Президентым республикэр кІыщыгъэхиІухьым ыкІуэца щІыхуэхэм жаІахэм, депутатхэм ирагъэкІуэкІа зэІуущІэхэм кІыщыгъэувахэм, апхуэдэу власттым и Іэнатіэ куэдым кІалэрыхьа тхыгъэхэм кІыщаІэтахэм якъ иткІэ. Семинарыр хуэунэтІауэ щытащ щІыпІэ самоуправлением и органхэм я унафэщІхэм я зэфІэкІым хэгъэхьуэным, ахэр унафэщі Іэнатіэм и экономикэ, кІыхьэгъэпэщынагъэ лъабжьэхэм щыгъуазэ щІыным. Парламентым и спикерым хэхуэу кІыгъэлъэгъащ щІыпІэ ныдэлъфыгъэ я деж Іэ зэІуахуэу зэрыщытыпхъэр, зэман кІэщІымрэ курыт зэманымрэ ятещІыхьа программэ хэхахэр зэхэлъхьанымрэ гъэзэщІэнымрэ щІыхубэр иэхъ зыубгъуауэ кІыхьэщэн зэрыхуейр. Абы и лъэныкъуэкІэ, къащтэмэ, ягъэхьэщыр законхэр и зэманым хэІущІыкІу щІынымкІэ щыІэ ныкъуанытхэрщ пэжу зэмылІэужьыгъуэр, зэхуэмыдэу зэхьыр.

Къуажэ жылагъуэхэм я гъунапкъэхэр хуэжьыным теухуауэ иужь зэманым Парламентым къищта унафэхэм я гугъу ищІащ ЩІыпІэ самоуправленэмрэ щыналъэхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэмкІэ комитетым и унафэщІ **Берд Хьэрэтэлий**. Абы зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ гъунапкъэхэр хуэхъыныкІэ зэкІэ унафэ пыухькІа щыІэкъым. Иджыпстукі зэрызэгурыІуар мы Іуэхур зэгъэуІунымкІэ къызэрагъэпэща комиссэм кІыхилхьарщ. Абы ипкъ иткІэ КъБР-м и Парламентым чэнджэщ ирагащ яІэ щыкІэ гъэмахуэ хьупІэхэм ятеухуа законыр къищтэну. Берд Хьэрэтэлий щІыпІэ самоуправленэм и органхэм я лЫкІуэхэр кІыхуриджащ Іуэхум ихьэ жыджэру бгъэдыхьэну. Парламентым къагъэхь документхэм депутатхэм я сессиехэмрэ щІыхухэм я зэхуэсхэмрэ щытепсэлыхьыну. «ПІсом нэхър нэхъыщхьэр дэтхэнэ унафэри зэрыпхыкІ щыкІэм щІыхуэр щІагъуазэу щытыныр». Унафэхэр кІыщащтэкІэ, дэтхэнэ лъэныкъуэми и сэбэп зыхэлъхэр щуагъэІэн. Аращ республикэм мамырыгъэр зэгурыІуэгъэ щыІэным и лъабжьэр» - жиІащ Берд Хьэрэтэлий. ЩІыпІэ самоуправленэм и советхэм я Іуэху зехьэкІэм и гугъу щищІым, абы къалэн нэхъыщхьэхэм яІыщу кІыхьгъэщхьэхуэкІащ егъэджэныгъэм, узынщагъэр хъумэным зегъэуІуэкІыным, ныкъуэдзэхэр зэпкъащІэкІэ кІыхьгъэпэщынымрэ.

ЩІыпІэ самоуправленэм и экономикэ лъабжьэхэм зэпкърыхауэ тепсэлыхьащ КъБР-м и Парламентым Экономикэ политикэмкІэ, мылькумрэ хъэрычэт Іуэхумкі и комитетым и унафэщІ **Марьяш Иринэ**. Апхуэдэу абы жиІащ «Къэралымрэ хъэрычэт Іэнатіэмрэ я зэрэзэхэзыныгъэ КъБР-м кІыхьэрыщІыхьэрагъэпэщым и Іуэхуі» законопроектым яп къеджэгъуэ зэрыхэплъар. А документым кІыщыгъэльэгъуащ уней мылькур экономикэм и къэрал Іэнатіэм кІыхьэрыщагъэсэбэп щІыкІэр, жылагъуэ мыхьэнэ зиІэ производствэхэм я техникэ, технологие зыужьыкІэр. ЩІыпІэ самоуправленэм и органхэм хуитныныгъэ яІэщ, езыхэм я социально-экономикэ мурадхэр дагъэкІын папщІэ, а законопроектым кІыщыгъэльэгъуэхэм ещхь хабзэ мардэхэр къащтэну.

ЩІыпІэ самоуправленэм и лЫкІуэ органхэм я лэжьыгъэм и правовой лъабжьэм теухуауэ кІыщыпсалъэм Парламентым и Аппаратым и унафэщІым и къуэдзэ, правовой упраленэм и унафэщІ **Хьэмыкъуэ Аслъэн** жиІащ, зэрыщыту къащтэмэ, щІыпІэ самоуправленэм и лЫкІуэ органхэм я лэжьыгъэ кІыгъэгъэпэщынымкІэ закон лъабжьэхэр кІыхьэрыщагъэпэщащ.

КъБР-м и Парламентым БюджетымкІэ, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Ахъуэхъу Къанцобий** тепсэлыхьащ щІыпІэ самоуправленэм и финанс лъабжьэхэм. КІыхьэхэсахэм абы гу лъаригъэтащ муниципалитетхэм къащтыт къалэн нэхъ гугъуэхэм. КъБР-м и муниципалитетхэм я бюджетхэм хуаутІыпщ дотацэхэр 2006 гъэм республикэ бюджетым и хэщІым щыщу процент 28,2-рэ хъуэу щытамэ, 2009 гъэм ар процент 7,2-м нэсу ягъэмэщІащ. Кризисыр кІыхьэрагъэІа иужь муниципалитетхэм ират дэІэпыкъуныгъэм щагъэжьынущ. Апхуэдэу гулыпІэ хэха хуэщІыпхъэщ щІыр зи мылькуу щытхэр тэмэму зэхэгъэкІынырь, сыту жыпІэмэ, къуажэ жылагъуэхэм я процент 80-м кІыЗрыкъэ хэхъуэ псомэ я процент 90-р кІыхьэпкІэр щІыр бдзжэщу зэрапырц.

Семинарым къарагъэблагъэхьэр зыщІэуэущІахэм жэуап ираташ КъБР-м финансхэмкІэ и министр **Бышэн Азрэт**. Апхуэдэ упщІэ иэхъыщхьэхэм яІыщыт «УФ-м щІыпІэ самоуправленэ кІыщыгъэгъэпэщынымкІэ псоми яхуэгъэза хабзэхэм я Іуэхукі» Федеральнэ закон №131-ФЗ-р республикэм зэрыщагъэзащІэр. Бышэн Азрэт кІыхиГъащащ мы документыр иджырей Урысейм и закон нэхъыфІ дыдэхэм яІыщыу кІыхьэрильытІр. Иджыпстукі зэгъэуІуа мыхъуар Федеральнэ закон №131-ФЗ-м кІыгъэув Іуэху нэхъыщхьэхэр Бюджет кодексым кІыгъэувэм зыбжанэкІэ кІыхьэрыщІхьэщкІЫрщ.

Къэралым кІыщыхъуа гуэзвэгъуэхэм ирыпытыагъу къащІащ мафІэс къэмыгъэхъуным дэнэ щІыпІи гулыпІэ хэха щыхуащІын зэрыхуейр. Семинарым хэтахэр щІэуущІащ бюджет Іуэхущ Іапі хэхэм мафІэсымкІэ щынагъэщІагъэ кІыхьэгъэпэщынымрэ трагъэкІуэдн ахъшэ кІыздрахынымрэ. ФинансхэмкІэ министрым и жэуапым кІыхэщащ «Социально Іэнатіэм хиубыдэ Іуэхущ Іапі Іэхэм мафІэс кІыщымыгъэхъуныр» республикэ программэ хэха зэрыщыІэр, ар КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІынагъэмкІэ и министерствэм, КъБР-м Ужьыщагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм хиубыдэ Іуэхущ Іапі Іэхэм зэрехьэлІар.

Семинарыр щызэхущІыжьым, КъБР-м и Парламентым и спикер Чеченов Ануар абы кърихьэлІахэм гу лъаригъэтащ, финанс Іуэхуэхэм къадэкІуэу, щІыпІэ самоуправленэм и органхэм зэфІэгъэкІа мыхъуа кІыхьэгъэпэщынымрэ Іуэху куэди кІаэзрыпэщытым. «Зэрыщыту Парламентри абы и дэтхэнэ депутатри хъэзырщ республикэм и унафэщІхэр хэмыхьэу мунициплитетым щІынальэхэм я Іэтащхьэхэм езыхэм зэфІагъэкІыфыну ІуэхуэхэмкІэ зыщІагъэкъуэну», - жиІащ Чеченов Ануар.

УРЫСМАМБЭТ Белэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі Іэм и лэжьакІуэ.

Ди газетым зэрытетащ, Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и правленэм и зэІущІэ зыубгъуа иджыблагъэ «Синдикэ» интур-хьэщІэщым щызэхэтащ. Абы щызэпкърахащ мы гъэм зэфІагъэкІахэмрэ дызыхуэкІуэ ильэсым къалэнхэмрэ.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихащ икІи ирагъэкІуэкІащ УФ-м и Пенсэ фондым и правленэм и тхьэмадэ **Дроздов Антон.**

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІ **Меркулов Александр** республикэм и Президентымрэ Правительствэмрэ я цІэкІэ хьэщІэхэм сІэхэчъ псальэкІэ захуигъаэзри, зэхяхьэ щхьэпэр Налшык къызэрахьам папщІэ ІфыщІэ яхуищащ.

- Дунейпсо финанс кризисым и зэранкІэ щІэхъуэ бюджет ахъшэм кІэрыхуами, къэралым и социальнэ къалэнхэр кІызыхуэтыншэу егъэзащІэ. Псом хуэмыдэу ар щынэрылъагъущ пенсэ зратхэм я деж. Щхьэр псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейр кІыхьэзыгъэпэщ закон зыбжанэ къэтщтащ. Иджы республикэм и пенсионерхэм яІыщу мин 30-м щигъуэм я Іуэхум апхуэдэ зэІымыбэ хэлъхьанукъым, - жиІащ Правительствэм и Іэтащхьэм. И пІалъэм кІытІасэу цыхьу мини 163-м я пенсэхэм дыхэлъэжащ. Страховой Іэмалым зэрыхуэкІуэм и фІыгъэкІэ, лэжьакІуэм и пенсэр зыхуэзэнымкІэ ляпэкІэ жэуапракІуэу щытынур федеральнэ, щынальэ Іуэхущ Іапі Іэхэмрэ Іэнатіэ эытхэмрэщ.

Пенсэ фондым и къалэнхэм ильэс кьэс хохьуэ. Социальнэ политикэр пхыгъэкІынырь, пенсэхэр тыныр, цыхьхэм я ІэхуэкІэр егъэфІэкІуэнар абы и хьэкъкІэ кІыхьэрагъэпэщ, льготэ зиІэхэмрэ сабий зыпІ унагъуэхэмрэ мазэ кьэс ахьшэ хухах. Урысейм и Пенсэ фондым и бюджетым кІыхьэкІа мыпкъуфІэ мы гъэм интересыгъэ 4 зыхуэІ хуагъэзащ, Геронтологиемкі центрым и унэр зэрагъэпэщыжь, - кІыгъэльэгъуащ Меркулов Александр.

УФ-м и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу ЮФО-м щыІэм и къуэдзэ **Жуков Владимир** кІыхиГъащащ пенсэхэм хэгъэхъуэным и Іуэхур къэралым иГъуэу кІыхьэрыщІахьхар.

- Урысей Ипщэм и щІыналъэхэм псэуКІэр щыщІагъэхъкым. Мазэ улахуэр ику иту зэрыхьуэр сом мин 12. 822-рэщ. Ар къэралым щатым и процент 70-м зэрыщІигъу щІэнкъым, лэжьапІэншэхэри куэдщ, - жиІащ абы.

УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкі и Советым Бюджетымкі и комитетым и унафэщІ **Бушмин Евгений** кьытеувыІащ пенсэхэр щІэрыщІкъэ кьэбжьыным зэуэнэтІауэ зэфІагъэкІахэм. Абыхэм къэралым сом мелард 800 щыхуоэз. А ахъшэр къагъэуэтын щхьэпІэ, гъуэгу ухуэныгъэхэр яГъэмэщІащ, ильэс дыдэу зыхуэжьуэм кьулыкъущІхэм я улахуэм хагъэхъуэныкъым.

Урысей Федерацэм Узынщагъэр хъумэнымрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм Социальнэ страховании зегъэужьыныкІэ, къэралым кІыхьэгъэпэщынымкІэ и Федеральнэ агентствэм и Іэтащхьэ **Афанасьев Сергей** кІыхьэригъэльэгъуамкІэ, пенсэхэр кІыхьэрабжьыкар, псом япэу, сомет лъэхъэнэм стажыкІуэ къэзыльэкъэхэм я деж кІыхьэгъэпэщынымкІэ и департаментым и Іэтащхьэ **Афанасьев Сергей** кІыхьэригъэльэгъуамкІэ, пенсэхэр кІыхьэрабжьыкар, псом япэу, сомет лъэхъэнэм стажыкІуэ къэзыльэкъэхэм я деж кІыхьэгъэпэщынымкІэ

● Си бзэ - си псэ, си дуней

«Фыкъеблагъэ, хьэщIэ лъапIэхэ!» - жаIэ борыкъуей шууейхэм.

Уэрихьэ - шхынеифIщ.

Къэпщытакlуэхэр мэлажьэ.

Щапхъэ зытрахыни абы ирикlуэни яlэщ

Ильэспщым нэблагъэуэ екlуэкl «Си бзэ - си псэ, си дуней» республикэ псо фестиваль-зэпеуэм зэрыщIидзэрэ адыгэ хабзэм и курыкъыпкъ анэдэлхубзэм и бенгъымрэ кьагъэльагъуэу хэтщ джылахьстэнейм и школхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ. Мы зыгъуэгуми фестивалым и къэпщытакlуэхэмрэ кlэльыплъакlуэхэмрэ ежьащ Арыкъ къуажэ дэт курыт еджапIэм.

ИГЪАЩIЭМИ хабзэкъэ зекlуэ ежьа гупым гъэгум пкlэльей яхуёдзыныр?! Ди адэжьхэм яхэлъа апхуэдэ Iущыгъэхэр нобэми кьаэзрадекlуэкlыр Iупщlу, Налшык - Арыкъ гъуэгуанэм хьэщIэхэр темыхэщэн папщIэ, пшынауэ Iэзэ кьагъэкlуат. Абэнокъуэ ФатIимэ и пшынальэ гуакlуэмрэ бысым лъахэм теухуа уэрэдхэмрэ гъэгуанэ жьжьэр кlэщI ящащ, дэрэжэгъуэр кьаIэтащ.

Гъавэ бзэ кьыззэрарахьэлIэжар, жылэдэсыр щIымахуэм зэрызыхьэзырыр пщIантIэ кьэс щынэрылъагъу уэрам зыбжанэ кьызэджкlри, курытеджапIэм дыдыхащ. Арыкъдэсхэм я хьугуэфIбгъуэ нэхъыщхьэ дыдэм - кьащIэхъуэ щIэблэм - щIэныгъэ щызрагъэгъуэт Iуэхущапlэр инт, екlут, кьабзэт. Адыгэ фащэкlэ зэщIэхуэпыкlауэ хьэщIэхэм кьапежьа ныбжьыщIэхэм япэ итт кьуажэдж нэхъыжьхэм я зэгухьанэгъэм и тхьэмадэ, егъэджакlуэу илъэс куэдкlэ эжьа Бжэмбахьуэ Володя, Арыкъ кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Замбур Амир, ЕгъэджэныгъэмкIэ Гэрч районкъудамэм и хьыбарегъащIэ-методикэ центрым и унафэщI Семэн Аскэр, а Iуэхущапlэм и методистхэр, Арыкъ курыт еджапIэм и унафэщI Шынтыкъу Ларисэ, егъэджакlуэхэр.

ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ зэрыцIыхуа нэужь, махуэр зэрагъэкlуэнур яубзыхури, лэжьыгъэм щIидзащ.

Япэ дерсым кьэпщытакlуэхэр езыгъэблэгъар 1-нэ «б» классым цезыгъаджэ **Лъэжь Джульеттэщ**. Абы иритъэкlуэкlыр есэпымкIэ урокти, Джульеттэ мураду зыхуэпсынагъэувыжат сурэтым итымкIэ задачэ зэхалъхьэфу сабийхэр иригъэсэну, ящIэ эр кьариГъэпщытэ жыну.

Щыкlуэм я пащхьэ Джульеттэ кьригъэува Iуэхуэгъэхэр тынш дыдэу щымытми, абы хэм я жанагъым, ахэр щIэныгъэм зэрыхуэнэхъуеинщэм кьызэрыгуэкlыу кьыпфIигъэщIыгъ. Сабийхэм жьджэру кьащIэтэжащ зым кьыщIыщIэдзауэ пщIым нэс бжыгъэхэм я зэхэлъхьэзэхэхьыкlэр, апхуэдэуи есэп щыным зыхуагъэсащ. Апхуэдэ лэжьыгъэр кьызэщIэпльауэ здекlуэжкlым Къуийщыкlу бжэм къытеуIауад. Иныжьхэм кьрахужьа щIалэм и псэм тель гуэзвэгъуэр сабийхэм кьащыхуиIуатэм, дэIэпыкъуну кьыщIельэIум, ныбжьыщIэхэм ар ягъэщIэхьуачкым. Бжыгъэкlэр ебуэжьыу зэрыт сатырым дэгъэхуахэр дэтхэжьным, зэхэлъхьэн-зэхэхьным, зэгъэщэныгъэм и дамыгъэхэр гъэувыным хьарзынэу пэлъэщащ Къуийщыкlу кьызыхэхуа гупыр.

АдэжкIэ егъэджакlуэм щыкlуэм яхуигъэуващ бжыгъэхэр кьапщытэжкIэрэ адыгэ псалъэжьэр зэращIэр нэрылъагъу кьащIыну. Абдежи кьыщикlуэтакъым 1-нэ классым щIэс сабийхэр. Iуэхугъуэ кьызэрыгуэкlэр есэпхэр егъэджакlуэм жиIэурэ щIыкlуэм жэуап кьатащ икIи кьыщIрагъэдза бжыгъэм и зэхэлъыкlэр кьапщытэжащ. Абы кьыкlэлъыкlуэу ныбжьыщIэхэм наIуэ кьыщащ геометрие фигурэхэр бгъуэ зэращIыхур, ахэр кьызэрагъэсэбэныкъыр. А сыхьэтым кьриубыдэу школакlуэхэр тхьылъкlэ лэжащ, тетрадым щытхащ, а псори кьызэщIакъуэжри, дерсым щIэуэ кьыщащIахэм тепсэлъыхьыжащ.

Бемырэз Мухьэдин и уэсхэм ящыщ зым хэт мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ кьыкlэлъыкlуэ урокыр кьызэIуихащ **Дэжьыр Iэсият**:

Си адыгэбзэ, уэ улъэщщ,
Зи зэманыгъуэ
угурыхуэщ,
Цыхугу дэтхэнэри
кьотIэщI,
Уэ ущагьабзэкlэ Iэрыхуэу.

Псалъэухам хэт пкыгъуэ зэлъэпкъэгъухэр зэпкъыгъыхыныт 5-нэ классым щIэсхэм Iэсият кьаIэн ящищари, абы зэрыпсэлъэщри, адыгэбзэ шэрыуэ зэраIурылъри ягъэльэгъуащ. Дерсыр кьызэIуахащ дыгъэгъазэ мазэм и щIэр цыкlухэм кьаазэрыг уэрыIуэр кьызIуатэкlэрэ. Егъэджакlуэм абыхэм яжриIащ «зыплъыкlуэ» ящэнкIэ зэрырфIэигъуэр. Илъэсищэрэ блыщIрэ зи ныбжь Борыкъуей жьлэжьым и щIыналъэм «зыщапльыхьащ», кьуажэм теухуауэ ящIэхэр жаIащ. Ахэр зытепсэлъыхь щIыпIэ дахэхэр яхэлъ ныбжьыщIэ методикэ центрым и унафэщI Семэн Аскэр, а Iуэхущапlэм и методистхэр, Арыкъ курыт еджапIэм и унафэщI Шынтыкъу Ларисэ, егъэджакlуэхэр.

ХьэщIэхэмрэ бысымхэмрэ зэрыцIыхуа нэужь, махуэр зэрагъэкlуэнур яубзыхури, лэжьыгъэм щIидзащ.

Япэ дерсым кьэпщытакlуэхэр езыгъэблэгъар 1-нэ «б» классым цезыгъаджэ **Лъэжь Джульеттэщ**. Абы иритъэкlуэкlыр есэпымкIэ урокти, Джульеттэ мураду зыхуэпсынагъэувыжат сурэтым итымкIэ задачэ зэхалъхьэфу сабийхэр иригъэсэну, ящIэ эр кьариГъэпщытэ жыну.

Щыкlуэм я пащхьэ Джульеттэ кьригъэува Iуэхуэгъэхэр тынш дыдэу щымытми, абы хэм я жанагъым, ахэр щIэныгъэм зэрыхуэнэхъуеинщэм кьызэрыгуэкlыу кьыпфIигъэщIыгъ. Сабийхэм жьджэру кьащIэтэжащ зым кьыщIыщIэдзауэ пщIым нэс бжыгъэхэм я зэхэлъхьэзэхэхьыкlэр, апхуэдэуи есэп щыным зыхуагъэсащ. Апхуэдэ лэжьыгъэр кьызэщIэпльауэ здекlуэжкlым Къуийщыкlу бжэм къытеуIауад. Иныжьхэм кьрахужьа щIалэм и псэм тель гуэзвэгъуэр сабийхэм кьащыхуиIуатэм, дэIэпыкъуну кьыщIельэIум, ныбжьыщIэхэм ар ягъэщIэхьуачкым. Бжыгъэкlэр ебуэжьыу зэрыт сатырым дэгъэхуахэр дэтхэжьным, зэхэлъхьэн-зэхэхьным, зэгъэщэныгъэм и дамыгъэхэр гъэувыным хьарзынэу пэлъэщащ Къуийщыкlу кьызыхэхуа гупыр.

АдэжкIэ егъэджакlуэм щыкlуэм яхуигъэуващ бжыгъэхэр кьапщытэжкIэрэ адыгэ псалъэжьэр зэращIэр нэрылъагъу кьащIыну. Абдежи кьыщикlуэтакъым 1-нэ классым щIэс сабийхэр. Iуэхугъуэ кьызэрыгуэкlэр есэпхэр егъэджакlуэм жиIэурэ щIыкlуэм жэуап кьатащ икIи кьыщIрагъэдза бжыгъэм и зэхэлъыкlэр зэрыщIидзар. Абдежи кьыкlэлъыкlуэу ныбжьыщIэхэм ягурэхэр фIыуэ зэрагъэлъагъуэм щыхьэт техь уэ. КьищынэмыщIауэ, бзэм теухуа усэ щыкlуэхэри дыщIагъужащ. Абы кьыпищэу егъэджакlуэр Афlэунэ Лиуанэ и «Iэбу щыкlуэ усэм кьеджэри, абы кьыхэщ хабзэхэр жариГъэIащ ныбжьыщIэхэм.

АдэкIэ ФатIимэ и гъэсэнхэм унэ лэжьыгъэр кьариГъэпщытэжьхэм хуеиуэ арати, «хэт нэхъ Iэзэ» джаГуэкlэ щыкlуэм хуигъакlуэри, фIыуэ кьызэреджэфыр, тхылъым зэрыкlэлъыплъыфыр кьихутащ. Зыхьыха темэщIэр щаджьым, тхылъым ит сурэтхэм тепсэлъыхьыкlэрэ, абыхэм кьапсэлъыфу зрагъэсащ макъ Iу-р икIи ар зэратырэ зрагъэщIащ. Iу-р кьызэрыхьу щыкlэр доскам кьыщагъэлъэгъуащ, ар зыхэт пчыльгъуэу доскам итхэм зэпагъэуэ-вэуэрэ кьеджащ. Апхуэдэу жьджэру лажьэ 1-нэ классым щIэс цыкlухэр ФатIимэ иригъэдIуащ Вындыжь Марие и «Си мамэ, си дамэ» уэрэдым.

2-нэ классым **Бэлахьуэ Хьэпишэт** щригъэжкlуэкlыр дыжьэзыхьурежь дунейм и дерст. Абы мураду зыхуигъэувыжат Къэбэрдей-Балькъэрым щыпсэу псэущхьэхэм ящыщу «Тхылъ плъыжьым» итхэм щыкlуэхэр тепъэсэлъыхьыныр, еджакlуэхэм я бзэм зегъэужьыныр, псэущхьэхэм, кьэкlыгъэхэм яг еухуауэ ящIэхэм хэгъэхъэныр, дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэным я зэфIэкIи ирахьэлIэу псэри зэрыхуейр ягурыгъэуныр.

Гупыпт хэха зых уэщIыпхъэ мэз псэущхьэхэмрэ кьэкlыгъэхэмрэ тепсэлъыхьыну зызыгъэхьэзыр щыкlуэхэм Мэзытхъэ кьахьыхащ. Аращ дерсым и жьантIэр зратари. Абы жиIащ мэзым щIэт жьлэхэм щыхуэхэм зэрызыхуагъэгъуэр. Сыт щхьэкIэ жьпIэмэ, ахэр мэзым щIыхьа нэужь, кьудамэхэр кьыпащIыкlI, тхьэмпэхэр зэхафыщIэ, пхьэнкlийхэр кьыщIанэ, кьраудыр нэхьыбэжщ. А псори щызэхахьым щыкlуэхэм псалъэ ятащ блашэми, щихуми, пхьэхуейми, жыгейми, уэздыгеймИ кlэлыплIыну, апхуэдэ лей лъымыгъэсыну. Жыгхэм нэмыщI мэзым кьуалбзауэхэм уаэзрыщIыхуэсанымкIэ зэрыхуейри ящIэрт ХьэIишэт и гъэсэнхэм. Абыхэм мэзыр зэрагъэкъабзэр, зэран хуэ хьэпIащIэхэр жыгхэм кьызэрытращыпыкlыр, макъ дахэ зэрыщагъэIур жаIа нэужь, бзуэхэм я щIэхэр, абыхэм ятеухуа нэщэнэхэр кьащIэжащ. АдэкIэ хьэкlэкъуэкlэхэм я щIэхэмкIэ зэхэгъэува псалъэзэблэдзыр кьащIэн хуейуэ арати, кьажэхьэхэм я жэуапыр жаIэурэ, щыкlуэхэр абыи хьарзынэу пэлъэщащ. Сабийхэм нэIуасэ хуащIащ унэ псэущхьэхэмрэ мэзым щIэсхэмрэ зэрызэщIыхьэщыкlым. Ар я унэ лэжьыгъэу щытауэ арати, сурэтхэр ящIауэ, рассказхэр зэхалъхьауэ къэкlуат ныбжьыщIэхэр икIи щхьэж и унагъуэ псэущхьэм сэбэныпнагъыу кьахуихьыр, зэрыкlэлъыплъыр жаIэжащ.

А псор зэпкъраха нэужь, Тхылъ плъыжьыкlэ зэдхэр, абы иратхэхэм, ираттхэн хуей щIэхьум и щхьэусыгъуэм тепсэлъыхьащ егъэджакlуэмрэ школакlуэхэмрэ. Ди республикэм кьыщыдэкlа Тхылъ плъыжьым ихуахэр зрагъэщIащ.

Дерсыр кьыщызэщIакъуэжьым егъэджакlуэм и упщIэхэм я жэуапу ныбжьыщIэхэм жаIащ Тхылъ плъыжьым иратхахэм дяпэкlэ гулытэ лей хуащIын зэрыхуейр, псэ зыутым ехьэлIа кьуанщагъэ блэжь зэрымыхъунур, хэкур фIыуэ лъагъун, абы и зыужьныгъэм дэтхэнэми хуэзфIэкlэ хилъхьэн зэрыхуейр.

Шыхьуэ Рае ита урокым бжьыхьэм дунейм и щIыпкlэм, щыхуэхэм я Iуэхущафэхэм, псэущхьэхэм я гъащIэм кьыщыхъуэхэм 3-нэ классым щIэс еджакlуэхэр щигъэгъуэзэуэ арати, школакlуэхэри мыхуэмыхуу егъэджакlуэм дэлэжьащ, унэ лэжьыгъэр хьарзынэу зэфIагъэкlаIуэ кьыщIэжри, зыщагъэтхъуащ.

Дерсыр кьызэрызэIуахар адыгэ псалъэжьхэрщ, аэхэр кьаазэрыгурыIуэрщ. Нэхьыжьыр гъэльапIи, уи щхьэр лъапIэ хьунщ псалъэжьым и купщIэр жаIа нэужь, щхьэж и адэшхэм теухуауэ унэм щащIа лэжьыгъэхэр утыку кьрахащ. Ахэр гъэщIэгъуэн икIи псалъэ гуапэ куэд кьызэIуихэу тхыгъэ хьуат. Абы щыгъуэу Хьэнфэн Алим и «Дадэрэ жыг хадэмрэ» усэм кьеджакlэщ. А усэм сабийхэр хуиунэтIащ дерсыр зытеухуа Iуэхугъуэм - макъамэ щабзм щIэту пэшым кьыщыкlыащ Бжьыхьэр. Абдеж щегъэжьауэ хьэщIэм зыхуагъэщIагъуэ щыкlуэу сабийхэм зэпкърахащ Алим и усэр, бжьыхьэм теухуауэ ящIэхэр жраIащ, я Iэдакъэщ Iэкl сурэтхэр ирагъэлъагъуурэ тепсэлъыхьыжахэщ. Бжьыхьэм зэхихащ езым теухуа нэщэнэхэр, псалъэжьхэр, усэ едзыгъуэхэр.

ЕтIанэгъэ зэхуапIалъэу хьэщIэр ирагъэжьэжри, егъэджакlуэм адэкIэ кьыпипщащ. КIыщокъуэ Алим и «Кхъужьей къудамэ» усэм кьахуеджэри, яхуэзэпкърихащ. Рае и псалъэхэм кьыпащэу ныбжьыщIэхэм хэкур фIыуэ лъагъун, абы пхуэзфIэкI хуэпщIэн зэрыхуейр кьыжаIащ. Абы кьыкlэлъыкlуащ КIуащ БетIал «Си Хэку» зыфIища и усэр. Ари едзыгъуэ зырызурэ зэпкърахри, кьагурымыIуэ псалъэхэр ягъэтэмэщащ, езыхэри гъэхуауэ кьеджэфу зрагъэсащ.

Хьэмшокъуэ Марьянэ 4-нэ классым адыгэбзэмкIэ щригъэкlуэкlа дерсри купщафIэ икIи нэгузыужь хьэт. Дерсыр кьхьэпплъыжьыкlэ хабзэм тету иубзыхуат Марьяни, абы и пэ ита урокым унэ лэжьыгъэу яритат а дауэдапщэм теухуа хьуэхьуэр зрагъэщIэну, абы х эт щыIэ-щIэхэр ягъэбелджылыфу кьэкlуэну. Ар кьапщытэжьым и пэ кьихуэу ныбжьыщIэхэм ягу кьагъэкlыжащ щыIэцIэкIэ зэджэр, абы кьитгъэльагъуэр, жэуап зыхуэхъу упщIэхэр, нэгъэущIэхэри. АдэкIэ егъэджакlуэм и унафэм щIэту доскам щылэжьащ. Абы ит тхыгъэ кlэщIым цIэ фIащащ, дэутыпщыкlа хьэрфхэр датхэжащ, щыIэцIэхэр кьыхагъэщащ. А тхыгъэ кlэщIырщ темэщIэм зэрызыщагъэгъуэзари: щыIэмэ унейхэмрэ зэдайхэмрэ зрагъэщIыхуэн хуейуэ арати, егъэджакlуэм ар зищысыр ягурригъэIуа нэужь, тхылъкlэ лэжьакъэщ, псалъалъэ лжьыгъи ятхащ.

ЦIыкlуэр темэщIэм темызэщэн щхьэкIэ, ар кьаэзрыгурыуар Iэмал къызэпэтхэмкIэ зригъэщIащ Марьянэ. КхъуейплъыжькlэрыщIэр щIидза хуэдэтэ, абы пылъхэм хэIэбэфынур лыгъэкlэ, хахуагъэкlэ кьыхэщэкlэтэкъым, атIэ зи гупсысэжкIэр, къэухьыр нэхъ кууХэр. Шархэр кьагъауэурэ абы иль упщIэхэм жэуап пэж езытахэрщ нэхъ жану кьалъытахэр.

«Бзыльхугъэ, сыту куэд уи хуеджа пщащэу кьыпщыхьунт Мадинэ и ролыр зыгъэзащIэр. Мадинэрэ Зауррэ жыг хадэм зэрыщIэзэхуэзэр, анэшым зэрахьэ лейр кьищIауэ Мадинэ и анэм зэрызыхуигъаэзэр кьызыхэщ пычыгъуэм щальэгъуахэр кьаэзрыщIыхьрэ, поэмэм кьыIуэтэж Iуэхугъуэм уб гъуауэ тепсэльыхьащ «критикхэр». Дерсым кьрихьэлIа «сурэтыщIэхэр» Iуэхуншэтэжым - поэмэм кьыщеджэм я нэгу кьыщIэува тепльэгъуэхэр тхылъымкIэм тращыхьат, «литературоведхэм» тхыгъэм кьыщыгъэсэбэпа художественнэ Iэмалхэр кьагъэльэгъуащ. Псори зэдзлажьэрэ поэмэм кьыщагъуэта эпит ет-хэр, метафорэхэр, зэгъэпщныгъэхэр ягъэбелджылащ икIи нобэрей гъащIэмрэ гъащIэжьымрэ зэрагъапщэкlэрэ я гупсысэхэр кьаIуэтащ.

Къыкlэлъыкlуэ упрокыр зыгъэхьэзыра **Iэтэ Ромметэ** мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъэт и лъжьэгъуэм лъабжьэ хуищIар. Ар зытеухуар Борыкъуей кьуажэм и тхыдэрт. «Си лъахэм хуэдэу зыри Iэфlкъым. Си кьуажэм хуэдэу зыри сфIэфlкъым» - Шинкубэ Бэгъраг и псалъэхэрат дерсым пэублэ хуэхьуарт, ар ягъэпэжащ зи жылэр зыми хуэзымыгадэ борыкъуей щIэблэм. Дерсыр нэхъ щIэщIыгъуэ ящIырт абы щIэсхэр илъэсым нэблигъауэ кьуажэм екъэлIа кьэхутэныгъэхэм зэрыпэрытхэу, нэщIар зэрымымащIэм, зыхуагъэувыжа кьаIэнхэр зэрыкуэдым. Илъэсищэрэ блыщIрэ ирикlуэ Арыкъ жылэм кьежьапIэ хуэхьуам, лакъуэлIэш Бэрокъуэ и адэжь щыналъэ Анзорейр ирагъэбгынчэ Джьылахьстэней кьыщищэхуа щIы кlапэм кьызэрытетIысхьам ныбжьыщIэхэр чэзуэу тепсэлъыхьащ. Я нэхьыжьхэм кьыжьрагъэжу зэхахахэм тещIыхьауэ псоми яфIэтельыдэжу кьуажэм и щIыпIитIым деж щыпь «уафэм кьеха мывэхэр», кьуажэдэсхэм ятIагъуэ кьызэрах щIыпIэм деж бгъуэнщIагъ кьызэрыщагъуэтар, щIэныгъэлIэхэм зэрыкуагъэфащэмкIэ, алан-сарматхэр а щIыпIэм щиса лъэхъэнэм ар кхъэжьу зэрыщIытар, нэгъуэщI гъэщIагъуэн куэди ящIэрт кьэхутакlуэ-ныбжьыщIэхэм. А классым щIэс Iкъэкlуматэ Садул и лъэпкъ жьлэр зэфIигъэувэжьну ящхьащ, Тхъэжьмащэ Асльэнбэч и кьуэ Хьэмид ихьумэфа дэфтэрхэм лъэпкъым, кьуажэм я тхыдэм, кьуажэдэсхэм ятеухуа гъэщIэгъуэн куэд зэрыт тхыгъэ, сурэт куэд кьыитъуэтащ икIи ахэр и ныбжьэгъуэхэм яригъэлъэгъуащ.

Зи лэжьыгъэфIэхэмкIэ, Iэдакъэщ Iэкlэхэмкlэ, зэфIэкlэхэмкIэ лъэхъэнэ зэхуэмыдэ-хэм цIэрыIуэ хьуауэ щытахэм я цIэхэр кьащIэжащ сабийхэм икIи нобэ кьуажэм и цIэр фIыкlэ зыгъэIуэхэм я гугъу ящIащ. Борыкъуейдэсхэр зэрыгушхуэ, КъБР-м и цIыкlубэ тхакlуэ Теунэ Хьэчим, бзэ щIэныгъэлI Джаурдий Хьэтыкъэ, литературовед, критик Сокъур Мусэрбий, бзэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Хьэкlащэ Андрей, усакlуэ Я Iрыхэр Петр, скульптор цIэрыIуэ Тхьэкlумашэ Михаил сымэ пщIэшхуэ зыхуащ, зэрыпагэ цIыхуу зэрыщытыр кьыхагъэщащ Форметтэ и гъэсэнхэм. Зи блэкlар зыщIэжьм и кьжкlунур дадэ мэхъу жыхуаIэрэщи, апхуэдизэ лэжьыгъэ езыгъэкlуэкl, цIыху щэджащэхэм я щапхъэм ирикlуэ ныбжьыщIэхэм куэдкIэ узыщагъэгугъэирт.

АдэжкIэ класс нэхъыжьхэм я деж щрагъэжьэжкIа урок кlэщI цIыкlуищым текlуэдар зэман машIэми, икъукlэ купщафIэ икIи гъэщIэгъуэн хьуат. **Увык Маргаритэ** информатикэр адыгэбзэкlэ дахэу зэрыпхуегъэкlуэкlыр наIуэ тщищIу, хьыбарыр щэхуу, щIэ хьуауэ нэгъэущIэм зэрыIэрагъэхьэ Iэмалхэр 10-нэ «б» классым щIэсхэм ягуригъэIуащ. Апхуэдэу сурэт е тхыпхъэ зэмылIэужьыгъуэхэр бжыгъэхэр, хьэрфхэр кьагъэсэбэпу хьыбарыр зэрыщIахьуэр ныбжьыщIэхэм яригъэщIащ, ар щIагъэбыдэжку компьютерым деж щигъэлэжьащ.

Абы кьыкlэрымыхуу, ныбжьыщIэхэри дерсым щIэса кьэпщытакlуэхэр зэхэзыхьа ириГъэкlуэкlащ **Абэнокъуэ Залым** и урокыр. Физикэмрэ математикэмкIэ ирагъэкlуэкl кьэхутэныгъэхэм хащыкlым зригъэужьын мурадкIэ, Залым Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэ зыбжанэ кьызэщIригъэуфыдащ дерсым. **Хьущт Маргаритэ** 7-нэ классым щита урокыр зэрыхъур дакъикlыи 10 кьудейми, хуабжьу купщафIэт. Пушкин Александр и Iэдакъэ кьыщIэжа «Кавказым и гъэр» поэмэм абы лъабжьэ хуэхьуар. Адыгэхэм я лIыхъужьыгъэр, яхэль хабзэр, бгырыс схэм я лъэпкъ фащэр зэрыдахэр поэмэм кьызэрыщIыгъэсэгъуарщ еджакlуэхэр зытепсэлъыхьар. Маргаритэ и пъэсэнэхэм поэмэм щыщ пычыгъуэхэр адыгэбзэкlэ зэрадзэкlащ, адыгэ тхакlуэхэм ди анэдэлъхубзэм кьрагъэзэгъауэ щыIэхэм кьеджащ, поэмэм я нэгу кьыщIигъэувахэр суэту ящащ.

«Си бзэ - си псэ, си дуней» фестиваль-зэпеуэм и кьэпщытакlуэхэр Борыкъуей курыт школым щIэныгъэ зэрыщрагъэгъуэт Iэмал псоми кlэлыплIа нэужь, еджапIэм и «дунейр» ирагъэльэгъащ. Адыгэхэм нэхъ пасэм зэрахьэу щита хъэпшыпу зэхуахъэсыжахэр щегъэувэжкlа зы планэпэ иIэщ школым. НыбжьыщIэхэм Iэмал яIэщ, я адэжьхэм унагъуэм щыIэзэрахьэу щытэ гуэгуэн, кхъуэцын, пхъэх, цыщ лэныстэ, уанэщIэпъ, лъэрыгъ, нат, цIыхухъуэхэм кьагъэсэбэпу щыта щIакlуэр, цейр, местыр, бзэльхугъэхэм зытралхьэу щыта щыIэхьарыр, гуэлмэдыныр, нэгъуэщI хьэпшыпхуэди зрагъэльагъуну. АдэжкIэ кьэпщытакlуэхэр ирагъэблэгъащ еджапIэм и пэIущIэ пэшым. Абдеж щегъэувэкlат анэдэлъхубзэмкIэ щIэныгъэ зэрызрагъэгъуэт тхылъхэм я гъэлъэгъуэныгъэ, адыгэ усакlуэхэм, тхакlуэхэм я Iэдакъэщ Iэкlэхэр щызэ хуэхьэсат. Къуажэм кьыдэкlа, зэчий, зэфIэкI инхэр зыбгъэдэлъ цIыху цIарыIуэхэм я сурэтхэмрэ абыхэм ятеухуа тхылъхэмрэ зэрыт тхылъымпIэ напэщхуэхэр школым и блынхэм щыфIадзат. А псори кьызэщIикъуэжьыр ижьижьыкlэ лъандэрэ адыгэхэм я щIэр фIыкlэ зыгъэIуу шыгъуэ-пластэм. Махъсымэ, мэжаджэ, кхъуейжьвхъэ, джэдлыбжьэ, лыгъур гъэжьа, джэшлыбжьэ, джэдыкlэрыпщ, щIакхъуэ зэтеупIэщыкl, тэрхьэлыуэ, жэмыкуэ, пластэ, нэгъуэщI куэди щызэхуэхьэсат адыгэ шхыныгъуэхэмкIэ кьызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм.

Ахэр кьэпщытакlуэхэм ирагъэльэгъуа нэужь, махуэм екlуэкlа псори кьызэщIэзыкъуэж классщIыб лэжьыгъэм щIидзащ.

Джэгу-зэпеуэ щыкlэм тету кьекlуэкlа зэлъущIэм «Си лъапкъ, си лъахэ - хремыху уи нальэ» жиIэу фащат. Абы щызэпеуэр Iущхьэмахуэ э гупымрэ «Нал» гупымрэ т. Жып-Iэнуракъэ, **Абэнокъуэ Эллэ** и гъэсэнхэм кьызэрымыкlуэу фIыуэ хащыкlырт адыгэ хабзэм, Iуэрыlуатэм, тхыдэм, фIыуэ ящIэрт псалъэжьхэр, кьуажэхьхэр, хьуэхьухэр, адэжь щыналъэм теухуа усэхэр, уэрэдхэр. Абэнокъуэ ФатIимэ и пшынальэм щIэту нэжэгужэу утыкум ит ажэгъафэм и хъуржынхэм кьраха зы упщIи жэуапынщэу кьагъэнакьым еджакlуэхэм. Жыджэру щIэныгъэ зэрызрагъэгъуэтым кьыдэкlу эу, щIыху хэтыкlэ зэращIэр, гупсыс жан зэрабгъэдэлъыр, творческэ Iэзагъ зэрахэлыр кьагъэльэгъуащ борыкъуейдэсхэм. Дж жу-зэпеуэ я щыхуекlэ зы гупыр япэ ищ хабзэкъэ? Зы балл закъуэкlэ фIэжа зыр зым кьыкlэрымыкъуауэ нухащ зэпеуэр, арщхьэкlэ, гупитIми хэтхэр зэрыкъылыфIэр зыльэгъуа кьэпщытакlуэхэм кьагъэува упщIэм и жэуап псынщIэ дыдэу кьатри, «Iуащхьэмахуэмэ» «Налми» я зэфIэкlыр зэрыдэу кьалъытащ.

Гъэсэныгъэ-лэжьыгъэ ин Борыкъуей курыт еджапIэм зэрыщIекlуэкlым щыхьэт техьуэрт «Си бзэ - си псэ, си дуней» фестивалым хэтхэм я махуэм яльэгъуар. А псорэ купщафIэт икIи гъэщIэгъуэнт. Ар школым щекlуэкI лэжьыгъэшхуэм и зы Iыхьэу арат...

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр тезыхар **ШЫХЪУЭ Арсенщ.**
Тэрч район.



Идар Гуащэнэ и сурэт.

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м Хьыбарегьащ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъо щlалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министерствэм и жрэлэмкlэ кьыз зрагъэпэщащэу ди республикэм щекlуэкlащ «Лъэужьыфlэ» зыфlащащ щlалэгъуалэ проект. Абы и кьалэн нэхъыщхьэр зэгуэнгъуэ псэунэ щхьэщхьэпэнчыр. Илъэс кьэс ирагъэкlуэкlыну мурад яща Iуэхум и зэхэублакlуэр Лэсхэн, Iуащхьэмахуэ куейхэрщ.

Министр Пащты Борис и хъу зхъу.

КАВКАЗ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкъэм ижь-ижьыж лъандэрэ кьадокlуэкl унагъуэкlэ зэныбжькъэгъухэу, зэкlэлыкlуэу.

Адыгэхэм хабзэфl я lалащ къан щlалэ япlыным, ягъэсэным теухуауэ. Ди зэманым я хабзэр зэрящыгъ дыдэм хуэдэу пхуэгъэзэщlэнукъым, ауэ абы фlыуэ хэпльа гуэркэр кьыпхуэгъэсэбэпынущ. Аращ зытращыхьари мы Iуэхур кьезыхьэжьахэм. Арщыдан щыщ щlалэ цыкlуиплI Гундзлэн щыщ унагъуэхэм махуэ зыбжанэкlэ щыlащ. Апхуэдэу Арщыдан щыпсэу унагъуэхэм Гундэ лэн щlалэхэр щыхьэщlащ. Проектым и япэ Iыхьэм хэтахэу Хьаничэ Къазбэч, Iэрэмысэ Iимур, Уэденов Тимур, Чочаев Йсльам, Чочаев Залым, Жеттеев Заур, МыкIуэф Астемыр, Сэбаниш Олег сымэ хьэщlапlэ здэщыlа кьуажэм, унагъуэхэм щекIуэкI Iуэху дахэхэм хэтащ, хабзэ зэхуэмыдэхэм щыгъуазэ зыхуащlащ.

«Ди республикэм мамыр гъэмрэ зэгурыlуэмрэ щыгъпlащэу щытыным сэ хуэсщlу хэльхьэныгъэр фlащауэ Арщыдан курыт еджапlэм щыз зэхэта зэIущlэм ирагъэблагъат а жылэм и кьанэмрэ Гундэлэн кьуажэм кьикlа хьэщlэхэмрэ. Апхуэдэуи абыхэм зыщапlхьыхьащ адыгэ кьуажэм, Арщыданым и тхыдэм, абы кьыдекIуэкI хабзэ дахэхэм я гугъу щащlа, художественнэ самодеятельность гупхэм зыкьыщагъэльэгъуэ щэнхабзэ-этнографие пшыхьым щыlахэщ. Апхуэдэ зэIущlэхэр щекIуэкlащ Гундэлэн кьуажэмэ.

«Уначество» проектым и япэ Iыхьэр и кlэн щынэблагъэм, ар зэрызэхущыкlым теухуа зэхьихьэ щекIуэкlащ КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и фондым. Iуэхум и кьызэрэпэщыкlэ хьуам кlэщlу и гугъу ищlа, ар зи гукъэкl министерствэм фlыщlэ хуищlа, проектым хэта унагъуэхэм гуапэу ехьэхьуа иужь, зэIущlэр езыгъэкIуэкlа, КъБР-м щыхь зиlэ и артист **Балькъэр Юрэ** япэ псальэр иритащ КъБР-м хьыбарегьащlэ Iэнатlэхэмкlэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкъо щlалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и министр **Пащты Борис**.

- Шэч хэльтэкъым проектыр кьызэрэпэщын, ар егъэкIуэжкlын зэрярхуейм. Ауэ, пэжыр жысlэнщи, сфlэгъэщlэгъуэнащ икlи егъэлеяуэ си гуапэ зэрыщlэжыр. Ди псомкlи дадэлэпыкъунущ. Ди нэхъыжьыфlхэр апхуэдизкlэ Iущт, жыжьапльэтн, гъащlэм и сыт хуэдэ Iуэхугъэмэ ехьэлIа хабзэфIхэр кьытхуагъэнащ. Дэ ди кьалэныр аэр тхъуэмэныр, а хабзэхэр ди гъуазэу дыпсэунырщ.

Зэлущlэм кьыщыпсэлъащ КъБР-м и члисэхэм я нэхъыщхьэ **Бобылев Валентин**.

Гундэлэн кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Бажэ Дотий** кьыхигъэщащ проектым и пэм кьыщыщlэдзауэ и кlэм нэс зэрыхэтар, абы фы кьызэрыпэкlуэнымэ зыми шэч кьытримыхьа щхьэкlэ, зэрагугъаем нэхърэ нэхъыфlыкъу кьызэрыщlэнбар зэрягуапэри жиlащ.

- Зэлущlэхэм ящыщ зым ильэс 40 хьуауэ егъэджакlуэу лажьэ Мыкlуэф Щэлимэт щlалэ цыкlуитхуми, хъыджэбз цыкlуитхуми щымахуэ зытlэхэмрэ я Iуэхуэмкlэ и комитетым и унафэщl **Хьащхьуэжь Татьяна** - Куэбжэм теуIуам зыкли кьемыщlыу дащэрэ ягъашхэу, ягъэхьащlэу зэрырыщытам кьигъэльагъэрт цыкlум пщIэу иIэр. Си гуапэщ «къан», «атэлыкъ» псальэхэм я пщlэр, я мыхьэнэр зэрагъуэтыжьыр, икlи ар кьызэзыгъэпэщащэми абы хэтахэми фlыщlэшхуэ яхуэзощ.

Пlэсэкэн районым администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Бажэ Дотий** кьыхигъэщащ проектым и пэм кьыщыщlэдзауэ и кlэм нэс зэрыхэтар, абы фы кьызэрыпэкlуэнымэ зыми шэч кьытримыхьа щхьэкlэ, зэрагугъаем нэхърэ нэхъыфlыкъу кьызэрыщlэнбар зэрягуапэри жиlащ.

- Зэлущlэхэм ящыщ зым ильэс 40 хьуауэ егъэджакlуэу лажьэ Мыкlуэф Щэлимэт щlалэ цыкlуитхуми, хъыджэбз цыкlуитхуми щымахуэ зытlэхэмрэ я Iуэхуэмкlэ и комитетым и унафэщl **Хьащхьуэжь Татьяна** - Куэбжэм теуIуам зыкли кьемыщlыу дащэрэ ягъашхэу, ягъэхьащlэу зэрырыщытам кьигъэльагъэрт цыкlум пщIэу иIэр. Си гуапэщ «къан», «атэлыкъ» псальэхэм я пщlэр, я мыхьэнэр зэрагъуэтыжьыр, икlи ар кьызэзыгъэпэщащэми абы хэтахэми фlыщlэшхуэ яхуэзощ.

«Куначество» проектыр кьыщыщlэзыгъэуащ проектым и пэм кьыщыщlэдзауэ и кlэм нэс зэрыхэтар, абы фы кьызэрыпэкlуэнымэ зыми шэч кьытримыхьа щхьэкlэ, зэрагугъаем нэхърэ нэхъыфlыкъу кьызэрыщlэнбар зэрягуапэри жиlащ.

- Ди хабзэ дахэхэр кlуэду щыжиlэжкlэ нэхърэ нэхъыфlыкъу кьызэрыщlэнбар зэрягуапэри жиlащ.

Гундэлэн кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Бажэ Дотий** кьыхигъэщащ проектым и пэм кьыщыщlэдзауэ и кlэм нэс зэрыхэтар, абы фы кьызэрыпэкlуэнымэ зыми шэч кьытримыхьа щхьэкlэ, зэрагугъаем нэхърэ нэхъыфlыкъу кьызэрыщlэнбар зэрягуапэри жиlащ.

Зэлущlэхэм ящыщ зым ильэс 40 хьуауэ егъэджакlуэу лажьэ Мыкlуэф Щэлимэт щlалэ цыкlуитхуми, хъыджэбз цыкlуитхуми щымахуэ зытlэхэмрэ я Iуэхуэмкlэ и комитетым и унафэщl **Хьащхьуэжь Татьяна** - Куэбжэм теуIуам зыкли кьемыщlыу дащэрэ ягъашхэу, ягъэхьащlэу зэрырыщытам кьигъэльагъэрт цыкlум пщIэу иIэр. Си гуапэщ «къан», «атэлыкъ» псальэхэм я пщlэр, я мыхьэнэр зэрагъуэтыжьыр, икlи ар кьызэзыгъэпэщащэми абы хэтахэми фlыщlэшхуэ яхуэзощ.

«Куначество» проектыр кьыщыщlэзыгъэуащ проектым и пэм кьыщыщlэдзауэ и кlэм нэс зэрыхэтар, абы фы кьызэрыпэкlуэнымэ зыми шэч кьытримыхьа щхьэкlэ, зэрагугъаем нэхърэ нэхъыфlыкъу кьызэрыщlэнбар зэрягуапэри жиlащ.

Ди хабзэ дахэхэр кlуэду щыжиlэжкlэ нэхърэ нэхъыфlыкъу кьызэрыщlэнбар зэрягуапэри жиlащ.

- Ди хабзэ дахэхэр кlуэду щыжиlэжкlэ нэхърэ нэхъыфlыкъу кьызэрыщlэнбар зэрягуапэри жиlащ.

Гундэлэн кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Бажэ Дотий** кьыхигъэщащ проектым и пэм кьыщыщlэдзауэ и кlэм нэс зэрыхэтар, абы фы кьызэрыпэкlуэнымэ зыми шэч кьытримыхьа щхьэкlэ, зэрагугъаем нэхърэ нэхъыфlыкъу кьызэрыщlэнбар зэрягуапэри жиlащ.

Сыт хуэдэ гугъуэкъ ишэчами, абы зэрызэхущlэкlащ кьуажэ курыт еджапIэр фlы дыдэу кьиухын. 1952 - 1956 гъэхэм Iюдин щеджащ икlи екIуэлIэныгъэкIэр иIэу кьыхуащ кьэбэрдей пединститутым и физикэ-математическэ факультетыр. 1956 - 1958 гъэхэм математикэмкlэ щрагъджащ езыр зыщlэсэ курыт еджапIэм. И зэфIэкIыр къалъытэри, 1959 гъэм Iюдин Кьэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым кьаныжащ. ИлъэсибгъукIэ абы кьалэн зэмылIэужьыгъуэхэр щигъэзэщlащ. Ар лэжьащ ассистенту, вычислительнэ машинэхэм я инженеру, егъэджакIуэ нэхъыжьхэу.

Грузием щlэныгъэхэмкlэ и академием епхауэ Рамзадзе и цIэр зэриихьэу Тбилиси кьалэм дэт математикэ институтым щытхъу иIэу 1970 гъэм накьыгъэм и 27-м щыпхигъэкIащ и щlэныгъэ-къэхутэныгъэ диссертацIэр икIи физикэ-математикэ щlэныгъэхэм я кандидат хъуащ. 1970 - 2000 гъэхэм Iюдин КьБКъУ-м дифференциальнэ уравнениэмкlэ и кафедрэм и доценту лэжьащ. 2001 гъэм зигъэпсэхуну тIысыжащ ар. И кьару емыблэжу, пщэрыльэ хьухуащ кьаныжэр ныкъуасанытlэншэу игъэзащlэу зэрыпэжьыам папщlэ, абы щытхъу тхыльхэр, ахъшэ саугъэтхэр зыбжанэрэ кьыхуагъэфащащ.

Физикэмкlэ, есэпныкlэ, астрономиемкlэ егъэджакIуэ Iэзэт, Чэнджэщэгъу нэст, гумызагъэт. Ар кьэдым хуэдэ кIуэльатькIуэт, зыхуежьа дэтхэнэ лэжьыгъэри и кlэм нимыгъэсауэ кьыпэрыкlыртэкьым. Апхуэдэу ар фlыуэ щыгъыдаэт пкъэщхьэмыщlхьэ, хадэхэкI тэмэму гъэкIыным, зехьэным и щхэхуэм. Есэпыр щэныгъэ «гъущэу», «псэ» зысэмыту жаIэми, абы ирилажьэхэр гурыгъу-гурыщlэкlэ нэхъ кьулейсызу яIуатэми, Iюдин апхуэдэткъым. Абы зэрыщыкlурэ фlыуэ ильагъуэт анэдэлъхубзэр, тхыдэр, Iуэрыlуатэр, адыгэ уэрэдыжьхэр. Арауэ кьыщlэкlынщ лъабжьэ хуэхъуари абы литературэм щыхиша лъагъуэм.

1980 гъэхэм щыщlэдзауэ, доценту зэрылажьэм хуэдэуэ, Iюдин зэман-зэманкlэ щыгъэжьащ «Жьэупащхьэ», «Унагъуэ насыпI» телеевидиналхэм. Абы и тхыгъэ купщlафlэхэр «Адыгэ псалъэ», «Советская молодежь» газетхэм щыхьугъэдзащ. Пэхъ нужьыпIэкIэ абы и кьалэмыпэм кьыщlэкlащ усэхэр, рассказхэр, новеллэхэр, повестхэр, романхэр. Ар, зэрыщlэ, Налмэс-рэ», «Къэмыщlкlэм тхъэр хуэлъащ», «Пащlэрэ унакьым», «Iуэгу нэщэкъащэ» тхыльхэр, нэгъуэщlхэри. И кьалэмыпэм кьыпыкlа апхуэдэ тхыгъэ зыкlэлэмэтхэм папщlэ 1999 гъэм Бозийр хагъэхьауэ щытащ УФ-м и Тхакlуэхэм я союзым. Абы ныбжьэгъуфlу, чэнджэщэгъуу иIэхэщ Къардэнгъущ Зырамыкурэ Шэджьихьэщlэ Хьэмыщlэрэ.

Лъэужьыфl кьигъэнащ Iюдин. Абырэ и щхьэгъусэ Раерэ щlалитI зэдагъуэтащ: Олегрэ Зауррэ. Аэр унагъуэ хьужьахэу, щlэблэ дахэ кьащlэхъуу, насыпыфlыр зэпсэу. Щlэныгъэм пщlэ щыхуащl унагъуэм ис псоми фIыуэ яIьагъу Iэщlагъэ зыпрыз яIэщ. Щхьэгъусэмэ, бынхэмэ, кьуэрыдыхьэмэ сакьыу яхьумэ Iюдин и фэепльыр, щхьэгъусэфIым, адэм, адэшхуэм и псэм аэр кьихьумэу кьащlоху.

БЭЧ Iэниуар.

Iуэхугъуэ дахэм и щIэдзапIэ

● Щэнхабзэ

Iуэхугъуэ дахэм и щIэдзапIэ

● Фэеплъ

Си тхыгъэ кlэщlыр зытеухуа Бозий Iюдин дуней тетыкlэ екIуэ зиlа, хьэл-щэн дахэ зыхэлъа щыхущ, Апхуэдэхэр щIэх ящыгъупщэрэкъым. Iюдин кьыззрытхэмытыжрэ дыгъэгъазэм и 27-м итьэситI ирокIу, ауэ, зэрыжьеIащи, ди гум ихуркъым и ныбжьэгъуу, гъэжьагъуу щытхъэм, и фэепльыр щахьумэ кьыщIэна и уиагъэкIым.

БОЗИЙМ и гъащlэр купщlафlэт. Ар 1933 гъэм щыщlхьlым и 27-м Псыгуэнэу (Жанхъуэтхьэблэ) кьуажэм кьыщlалъхуащ. Абы и анэ Кlухуэрэ и адэ Iэминрэ бынитху зэдапIащ; зы хьыджэбзэр щlалиплIрэ. Iюдин зэрыбыным я нэхъыщlэ т. Зэманыр хьэлъами, анэ-адэм яхуэзэфIэкIащ я бынхэр зыуэну тэмэм трагъуэзэн, лэжьыгъэм щымышынэу кьагъэтэджьын. Iюдини щlэхуэ кьыщlащ гуащlэдэкIыр зищlысыр. Ар хиубыащ губгъуэр жэмкlэ щавэ, гъэсыныпхъэхэр, щыгъуэгу хадэр кьыззрахухь чы-бжэгъэр, псыр дамэкlэ кьыщащхьу щыта зэманым. КIащlу жыпIэмэ, бжьыр я дамэм телъу щIыхуэр щlылажьам и пычыгъуэ иныгъэгъащlэ.

Сыт хуэдэ гугъуэкъ ишэчами, абы зэрыщlэкlащ кьуажэ курыт еджапIэр фIы дыдэу кьиухын. 1952 - 1956 гъэхэм Iюдин щеджащ икIи екIуэлIэныгъэкIэр иIэу кьыхуащ кьэбэрдей пединститутым и физикэ-математическэ факультетыр. 1956 - 1958 гъэхэм математикэмкlэ щрагъджащ езыр зыщlэсэ курыт еджапIэм. И зэфIэкIыр къалъытэри, 1959 гъэм Iюдин Кьэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым кьаныжащ. ИлъэсибгъукIэ абы кьалэн зэмылIэужьыгъуэхэр щигъэзэщlащ. Ар лэжьащ ассистенту, вычислительнэ машинэхэм я инженеру, егъэджакIуэ нэхъыжьхэу.

Ди хабзэ дахэхэр кlуэду щыжиlэжкlэ нэхърэ нэхъыфlыкъу кьызэрыщlэнбар зэрягуапэри жиlащ.

- Ди хабзэ дахэхэр кlуэду щыжиlэжкlэ нэхърэ нэхъыфlыкъу кьызэрыщlэнбар зэрягуапэри жиlащ.

Гундэлэн кьуажэ администрацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэ **Бажэ Дотий** кьыхигъэщащ проектым и пэм кьыщыщlэдзауэ и кlэм нэс зэрыхэтар, абы фы кьызэрыпэкlуэнымэ зыми шэч кьытримыхьа щхьэкlэ, зэрагугъаем нэхърэ нэхъыфlыкъу кьызэрыщlэнбар зэрягуапэри жиlащ.

Зэлущlэхэм ящыщ зым ильэс 40 хьуауэ егъэджакlуэу лажьэ Мыкlуэф Щэлимэт щlалэ цыкlуитхуми, хъыджэбз цыкlуитхуми щымахуэ зытlэхэмрэ я Iуэхуэмкlэ и комитетым и унафэщl **Хьащхьуэжь Татьяна** - Куэбжэм теуIуам зыкли кьемыщlыу дащэрэ ягъашхэу, ягъэхьащlэу зэрырыщытам кьигъэльагъэрт цыкlум пщIэу иIэр. Си гуапэщ «къан», «атэлыкъ» псальэхэм я пщlэр, я мыхьэнэр зэрагъуэтыжьыр, икlи ар кьызэзыгъэпэщащэми абы хэтахэми фlыщlэшхуэ яхуэзощ.

«Куначество» проектыр кьыщыщlэзыгъэуащ проектым и пэм кьыщыщlэдзауэ и кlэм нэс зэрыхэтар, абы фы кьызэрыпэкlуэнымэ зыми шэч кьытримыхьа щхьэкlэ, зэрагугъаем нэхърэ нэхъыфlыкъу кьызэрыщlэнбар зэрягуапэри жиlащ